



# SCHOOL BOARD OF POLK COUNTY

P.O. BOX 391  
BARTOW, FLORIDA 33831

(863) 534-0500

1915 SOUTH FLORAL AVENUE  
BARTOW, FLORIDA 33830

17 out 2011

## Board Members

BOARD CHAIR  
KAY FIELDS  
DISTRICT 5

FRANK J. O'REILLY  
DISTRICT 1

LORI CUNNINGHAM  
DISTRICT 2

HAZEL SELLERS  
DISTRICT 3

DICK MULLENAX  
DISTRICT 4

DEBRA S. WRIGHT  
DISTRICT 6

TIM HARRIS  
DISTRICT 7

C. WESLEY BRIDGES, II  
General Counsel

## Administration

SHERRIE B. NICKELL, Ed.D.  
Superintendent

Chè Paran oswa Responsab Elèv la,

Anba Lwa Okenn Timoun Pa Dwe Rete Dèyè a, yo te idantifye lekòl pitit ou a kòm lekòl ki pat fè pwogrè anyèl sifizan (AYP) pandan omwen 2 lane. Lwa sa a mande nou pou nou ofri timoun ki kalifye yo **Sèvis Edikasyon Siplemanntè (SES)**. SES la se sèvis bay leson gratis apre lekòl lage pou ede pitit ou nan matyè ou menm w'ap chwazi (lekti, matematik oswa syans).

Yo mete pwogram sa yo gratis e paran kapab chwazi pouwayè, kidonk konpayi k'ap bay leson yo panse ki meyè pou pitit yo. Se lajan pwogram Tit 1 andeyò distri a k'ap peye pou leson sa yo. Ou kapab mande Sèvis Edikasyon Siplemanntè **si pitit ou ap resewva manje nan lekòl la gratis oswa manje a bon mache**. Yo pa bay sèvis transpò, sof si pouwayè a (konpayi k'ap bay leson an) bay sèvis sa a.

Dènye dat pou w remèt aplikasyon an se 12 septanm 2011. Sèvis bay leson an dwe koumanse nan dat 15 oktòb 2011 pou elèv ki jwenn plas pandan premye peryòd enskripsyon an. Pandan y'ap fè tout jefò yo kapab pou satisfè tout moun, lalwa federal mande pou se timoun ki gen plis difikilte akademik yo ki pou jwenn priyorite, selon pèfòmans yo nan tès leta yo, **timoun sa yo k'ap resewva manje gratis oswa a bon mache nan lekòl la**. Pou rezon sa a, jiskaske distri a resewva tout repons nan men tout paran ki enterese yo, nou pa bay garanti n'ap kapab bay sèvis SES pou chak timoun paran yo aplike pou sèvis sa yo. Timoun nou pa kapab bay sèvis yo ap nan yon lis datant.

Dezyèm peryòd enskripsyon distri a ap fèt nan dat 13 septanm pou rive 18 novanm 2011. Elèv ki nan lis datant yo e sa ki enskri nan dezyèm peryòd yo ap jwenn priyorite, e y'ap ba yo plas nan mwa janvyè si gen lajan disponib. Y'ap voye yon lèt ba ou pou yo avèti w lè yo ba w plas ak pouwayè SES la.

Ap gen yon Prezantasyon pouwayè k'ap fèt nan dat 6 septanm 2011 pou ba w opòtinite pou rankontre ak pouwayè yo yon fason pou w kapab chwazi sa ki satisfè bezwen pitit ou pi byen an. Yo mete nan pake sa a ki kote ak ki lè prezantasyon sa a ap fèt.

Si w pa kapab vini nan Prezantasyon Pouwayè, ou kapab li enfòmasyon yo voye yo, ranpli fòm nan epi retoune l nan biwo nou an. Si w bezwen èd pou w ranpli fòm nan oswa pou w chwazi pouwayè, tanpri kontakte lekòl pitit ou a oswa biwo Tit 1 an, e n'ap byen kontan pou nou ede w.

Ou kapab retoune Aplikasyon Sèvis Siplemanntè Tit 1 an nan nenpòt nan lokal pi ba yo nan dat 12 septanm 2011:

- tab yo mete pou sa nan Prezantasyon Pouwayè a
- poste nan: Title I Department  
Polk County School Board  
P.O. Box 391  
Bartow, FL 33831
- retoune l nan biwo lekòl pitit ou a

Si w gen keksyon, tanpri rele Cindy Stybel nan Biwo Tit I, nan nimewo 534-9242, oswa Donna Ray nan 519-3602.

Sensèman,

*Rhonda Ashley*  
Rhonda Ashley  
Direktè Pwogram Federal